



Kesyon Moun Poze Souvan: Virus Zika



Kisa maladi virus Zika a ye?


Jeneralman Zika se yon maladi ki pa fin twò grav. Sentòm yo kapab dire plizyè jou jiska yon semèn.

Kisa sentòm Zika yo ye?

Pifò nan sentòm moun ki gen Zika santi se lafye, ti bouton ki leve sou po yo, doulè nan zo koud yo ak je wouj. Nòmalman moun ki soufri maladi a kòmanse santi sentòm yo de a sèt jou apre yon moustik ki enfekte pike yo. Apeprè youn nan chak senk moun ki pran enfeksyon Zika ap tonbe malad.

Kijan yon moun pran Zika?

Moun plis pran Zika nan moustik lè yon moustik pike yon moun ki te deja gen enfeksyon an epi apresa moustik sa a a pike yon lòt moun. Yon fanm oswa gason kapab bay virus la nan relasyon seksyèl ak yon lòt moun tou. Nou pa gen okenn prèv ki montre moun kapab pran Zika lè yo pran kontak nòmal tankou bo, anbrase, elatriye. Epi yon manman kapab bay bebe li virus la pandan li ansent oswa lè l ap akouche tou. Nou pa konnen konbyen manman bay tibebe yo Zika pandan yo ansent oswa ap akouche.



Kimoun ki gen risk pou pran enfeksyon sa a?

Nenpòt moun k ap viv, oswa k ap vwayaje, nan yon zòn kote virus Zika ap simaye nan moman an, oswa fanm oswa gason ki gen moun yo nan relasyon seksyèl ak yo ki te vwayaje nan zòn sa yo.

Ki gwo pwoblèm sante ki asosye ak Zika?

Jeneralman Zika pa yon maladi grav. Te gen detwa ti ka ki montre posibilité pou gen yon lyen ant sendwòm Guillain-Barré (GBS); men, nou poko konnen si enfeksyon virus Zika a bay GBS. Sanble pi gwo empak virus Zika a gen sou lasante se sou tibebe manman yo te gen enfeksyon an pandan yo ansent. Gen rapò ki montre yon gwo maladi nan sèvo timoun fèt ak li ki rele mikwosefali. Sa a se yon kondisyon kote tèt tibebe a pi piti pase lòt timoun ki menm sèks ak laj ak li. Epi yo te montre pwoblèm kay tibebe manman yo te gen enfeksyon Zika lè yo te ansent tou.

Ki rekòmandasyon ki gen parapò ak virus Zika a pou moun k ap vwayaje?

Nou konseye fanm ansent yo pou fè yon ti tann avan yo vwayaje nan peyi kote virus Zika a ap simaye toujou. Fanm k ap eseye ansent, ansanm ak mari yo, sipoze pale ak doktè yo sou plan yo pou vin ansent ak risk virus Zika a avan yo vwayaje. Si yon fanm ki ansent oswa ap eseye ansent oblige vwayaje nan youn nan zòn sa yo, li dwe pale ak doktè li avan epi swiv règ pou evite moustik pike yo ak anpil atansyon. Si ou te vwayaje nan yon zòn kote virus Zika ap simaye toujou omwen uit semèn avan ou te gen konfirmasyon ou ansent, diskite kote ou te vwayaje yo ak doktè ou.

Ki rekòmandasyon ki genyen pou evite pran Zika nan fè sèks si mwen ansent, oswa si mwen ap eseye tonbe ansent?

Nou konseye fanm ansent ki nan relasyon seksyèl ak gason oswa fanm ki te vwayaje, oswa k ap viv, yon kote virus Zika a ap simaye toujou pou itilize yon metòd pou pwoteje yo chak fwa yo fè sèks, oswa pou yo pa fè sèks menm pandan tout peryòd yo ansent lan. Ou sipoze mete kapòt oswa kouvèti bouch pandan w ap fè tibèf epi itilize kapòt chak fwa ou fè sèks ki gen penetrasyon ladan. Diskite ak doktè ou sou posiblite pou ou menm ak moun ou nan relasyon ak li a pran kontak ak maladi ki tankou Zika a ak si nou te gen maladi ki tankou Zika deja.

Fanm ki kapab te pran kontak ak virus Zika a lè yo te vwayaje oswa fè sèks, kit yo gen sentòm ou pa, sipoze tann omwen wit (8) semèn avan yo eseye ansent pou minimize risk yo. Gason ki kapab te pran kontak ak virus Zika a swa nan vwayaj oswa sèks dwe tann omwen sis (6) mwa avan yo eseye ansent madanm yo.

Ki rekòmandasyon ki genyen pou evite pran Zika nan fè sèks si nou p ap eseye tonbe ansent?

Ni gason, ni fanm yo kapab bay Zika pandan y ap fè sèks. Koup ki gen omwen yon (1) patnè ki kapab te pran kontak ak virus Zika a swa nan vwayaj oswa sèks sipoze itilize kapòt oswa pwoteksyon bouch kòrèkteman epi toujou itilize yo pou omwen sis (6) mwa pou gason oswa wit (8) semèn pou fanm. Li espesyalman enpòtan pou fè anpil prekosyon pou yon fanm ki ansent, oswa ki gen plan pou ansent, pa pran Zika.

Se chak jou n ap jwenn nouvo enfòmasyon sou virus Zika a. Pou jwenn dènye enfòmasyon ale nan sitwèb www.dhss.delaware.gov/dhss/dps/zika.html or <http://www.cdc.gov/zika/>.






DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES

Division of Public Health

Dènye revizyon 10/06/2016



Kontwòl Moustik Nan Eta Delaware:

Sa moun Eta Delaware bezwen konnen sou moustik ak virus Zika a

Èske nou jwenn fanmi moustik ki pote virus Zika a, ki rele *Aedes aegypti*, nan Eta Delaware? Ki lòt fanmi moustik nou jwenn nan Delaware ki te kapab pote virus Zika a?

Raman. Nan peyi Etazini, se jouk nan nò kote tankou Eta South Carolina nou jwenn moustik sa yo. *Aedes albopictus*, ki se non moustik tig ki soti nan Lazi a, se yon moustik ki renmen pike moun nou jwenn souvan nan lakou moun nan Eta Delaware. Moustik tig azyatik sa yo se fanmi moustik ki plis pote Zika yo, *Aedes aegypti*, epi yo te deja make yo kòm moustik ki pote Zika nan Lafrik. Moustik tig azyatik yo pote virus West Nile la Ozetazini tou, ki gen Eta Delaware ladan.

Kisa nou kapab fè pou gen mwens moustik ki kapab te pote virus Zika a nan lakou nou?

Pou ede gen mwens bagay ki ka pwodwi moustik pandan sezón moustik, nou ankouraje moun ki rete Delaware yo netwaye twou rigo lapli bouche, jete dlo nan pisin ki abandone epi bagay ki pi enpòtan se jete dlo ki chita nan nenpòt ki kote tankou vye kawoutchou, kannistè, bagay ki kenbe po flè, sitèn ki gen dlo nou pa itilize, bourèt ki kanpe dwat, poubèl ki pa kouvri, twou nan tant ki kouvri bato oswa lòt bagay nou mete kanpe deyò a. Nou dwe chanje dlo kote yo benyen ti zwazo oswa nan vesò bët ki deyò souvan.

Kisa pou mwen fè pou evite moustik pike mwen si mwen pase anpil tan deyò?

Pi bon fason pou evite moustik pike ou se itilize yon pwodwi kont moustik ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal la Environmental Protection Agency (EPA) rete kote ki gen klimatizè oswa itilize twil pou fenèt oswa pòt pou moustik yo pa ka antre; dòmi anba yon moustikè si ou deyò epi ou pa ka pwoteje tèt ou kont moustik; trete rad ak ekipman ou yo ak pèmetrin oswa achte bagay ki trete ak pèmetrin; epi chemiz manch long ak pantalon manch long.

Kijan nou kontwole ak idantifye moustik ki pote Zika yo nan Delaware?

Sèvis ki responsab Kontwòl Moustik nan DNREC a siveye moustik ki fin devlope atravè rezo estasyon ki itilize pyèj limyè nan tout eta a, epi ki fè echantyon de fwa pa semèn oswa plis kòmanse zòn mitan mwa me jiska fen mwa septanm. Sèvis Kontwòl Moustik la kapab kolekte epi idantifye moustik sa yo pandan y ap konte konbyen moustik ki fin devlope ki tonbe.

Kisa y ap fè Eta Delaware pou bese kantite moustik ki kapab bay maladi a?

Sèvis Kontwòl Moustik la itilize pwazon pou ensèk EPA te apwouve epi ki pa poze okenn risk sou sante moun, zannimo oswa anviwònman an. Yo lage pwodwi sa a ak avyon sou gran espas oswa kamyon nan vwazinay yo jwenn gen anpil moustik k ap pike moun . Si *Aedes aegypti* ta vin etabli nan Eta Delaware, oswa si nou ta vin jwenn Zika nan popilasyon moustik lokal la, sèvis Kontwòl Moustik DNREC a ap melanje pwazon pou ze ensèk ak ensèk ki fin devlope epi ankouraje bon ijjèn ak zafè dlo pou trete kote ki afekte yo. Li kapab difisil pou kontwole moustik tig azyatik yo sèlman ak pwazon pou ensèk akòz fason yo aji ak kote yo ponn ze yo, se sa ki fè li pi enpòtan toujou pou eliminine dlo ki chita pou ze moustik yo pa gen kote pou rete.

Kijan moun Eta Delaware yo kapab kontakte sèvis Kontwòl Moustik Delaware pou fè konnen lè gen twòp moustik k ap pike nan vwazinay yo?

Rele biwo lokal sèvis Kontwòl Moustik la ant 8:00 di maten ak 4:00 nan apremidi, lendi jiska vandredi:

- New Castle County ak pati nò Kent County nan nò Dover, rele nimewo 302-836-2555.
- Rès pati sid Kent County ak tout Sussex County, rele nimewo 302-422-1512.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou moustik nan Eta Delaware, rele nimewo 302-739-9917, oswa ale sou sitwèb www.dnrec.delaware.gov/fw/mosquito/Pages/MC-Diseases.aspx.

